

FEMA depase 100 Evènman Piblik pou diskite sou èd pou katastwòf

Release Date: January 18, 2023

LAKE MARY, Fla. – FEMA kontinye pwograme fowòm piblik ouvè atravè Sidwès Florid nan misyon li pou enfòmasyon sivivan siklòn yo sou pwogram rekiperasyon leta ak federal ki disponib yo. Pandan twa mwa ki sot pase yo, FEMA te sipòte plis pase 100 reyinyon kominotè atravè yon zòn 20 konte kote Ekspè nan Domèn lan te disponib pou diskite sou pwogram yo, inisyativ eta a, asistans pou katastwòf, resous kominotè, ak mizajou yo. Evènman piblik sa yo se yon fason pou moun yo aprann plis sou fason pou yo pi byen prepare pou pwochen tanpèt la, resevwa repons pou kesyon konsènan Pwogram Nasyonan Asirans Inondasyon an (National Flood Insurance Program), epi elimine konfizyon ki genyen sou retire debri tanpèt yo nan pwopriyete pèsònèl yo.

Reyinyon yo pèmèt FEMA rankontre moun yo kote yo ye a. Pou anpil sivivan ki pa t kapab vwayaje nan yon Sant Rekiperasyon Dezas akòz travay oswa lòt kontrent, gen kèk evènman ki te fèt nan biwo ak lokal travay yo pandan lè manje midi a. Lòt reyinyon yo te fèt nan aswè nan mache atizay, meri, ak legliz sosyal.

Evènman yo te pwograme kote yo mande yo a; sepandan, plizyè fowòm piblik te fèt nan konte DeSoto, Hillsborough, Lee, Monroe, Polk, Seminole ak Volusia. FEMA te sipòte tou reyinyon vityèl patwone pa eta Florid pou diskite sou opsyon lojman tanporè epi etabli yon patenarya ak sikisal Konte Polk nan Asosyasyon Nasyonan pou Avansman Moun ki gen koulè yo (National Association for the Advancement of Colored People) pou òganize reyinyon piblik nan kominote ki istorikman pa gen ase sèvis yo. Entèprèt Lang siy Ameriken yo te prezan lè yo te mande yo e yo te òganize fowòm piblik sèlman pou kominote soud ak moun ki mal pou tande yo.

FEMA sipòte tou fowòm piblik ouvè nan lòt lang ki pa Angle. Pa egzanp, yo te òganize evènman kote kreyòl ayisyen, panyòl ak vyetnamyen se te lang prensipal. Anplis de sa, FEMA ofri enfòmasyon nan plizyè lang, tankou, men se pa sa sèlman, Fransè, Alman, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Pòtigè, Ris, Chinwa Senplifye, Panyòl, Tagalog ak Vyetnamyen.



FEMA

Page 1 of 2

Pou jwenn dènnye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre siklòn Ian ak Nicole, vizite floridadisaster.org/info ak fema.gov. Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4 / Twitter\)](#) ak sou facebook.com/fema



FEMA

Page 2 of 2